# Archived Content

In an effort to keep DHS.gov current, this document has been archived and contains outdated information that may not reflect current policy or programs.

# Avi pou Moun k ap Patisipe nan Pwogram sou Pwoteksyon kont Diskriminasyon ki baze sou Relijyon

Non Òganizasyon an:

Non Pwogram nan:

Enfòmasyon pou kontakte pèsonèl Pwogram nan: [bay non, nimewo telefòn, ak adrès imèl]

Li enpòtan anpil pou nou ba w avi sa a ki fè konnen nou pap fè okenn diskriminasyon ki baze sou relijyon kont ou. Ou dwe jwenn avi sa a anvan w enskri nan pwogram nou an oubyen anvan w resevwa sèvis nou yo. Si sa pa posib, nou dwe fè w jwenn avi sa a nan premye okazyon nou jwenn nan.

Lefètke [Non Òganizasyon an] resevwa èd finansye nan men Depatman Sekirite Nasyonal (DHS), li nesesè pou n fè w konnen:

- Nou pa ka gen diskriminasyon kont ou akoz relijyon w, kwayans relijye w (sa gen ladan l kit ou pa kwè nan okenn relijyon oubyen ou pa gen kwayans relijye).
- Nou pa ka mande w asiste oubyen patisipe nan okenn aktivite relijye (tankou adorasyon, fòmasyon relijye, oubyen mouvman pwozelit, sa vle di pou ap chèche konvèti lòt moun). Se ou menm poukont ou ki dwe deside si w ap patisipe nan aktivite sa yo.
- Tout pwogram ak sèvis nou ofri DHS finanse yo pa dwe fèt anmenmtan ak nenpòt lòt aktivite relijye lòt pati prive finanse. Yo dwe fèt nan lè ak kote ki diferan.

Pou depoze yon plent konsènan nenpòt vyolasyon règ ki pi wo yo, pa egzanp si w pa ka jwenn sèvis ak avantaj yo, tanpri sèvi ak metòd ki pi ba yo pou kontakte Biwo Dwa Sivil ak Libète Sivil (CRCL) ki nan DHS. CRCL aksepte plent nan NENPÒT lang.

Sit Entènèt: https://engage.dhs.gov/crcl-complaint (metòd ki preferab e ki pi rapid)

Imèl: CRCLCompliance@hq.dhs.gov

Kourye Lapòs Ameriken:
U.S. Department of Homeland Security
Office for Civil Rights and Civil Liberties
Compliance Branch, Mail Stop #0190
2707 Martin Luther King, Jr. Ave., SE
Washington, D.C. 20528

Faks: 202-401-4708

Pou plis enfòmasyon: www.dhs.gov/crcl